

DIS BAGAY PRENSIPAL LOKATÈ YO TA DWE KONNEN

1

KALITE LOKASYON

Yon kontra lwaye jeneralman dire yon lane e li se yon kontra legal obligatwa. Kontra lwaye yo ofri w sekirite. Asire ou li nenpòt kontra anvan ou siyen l, epi kenbe yon kopi pou dosye. Si ou gen yon ko-lokatè ki soti, ou ka toujou responsab pou peye pati lwaye pa yo a jiskaske ou jwenn yon nouvo ko-lokatè.

Yon kontra lwaye a-volonte vèbal oswa alekri dire de mwa-an-mwa. Yon kontra lwaye a-volonte ofri plis fleksibilite, men mwens sekirite, pase yon kontra lwaye. Yon kontra lwaye a-volonte ba ou plis opòtinite pou soti apre ou fin bay mèt kay la yon avi alekri apwopriye 30-jou. Li pèmèt mèt kay la mande w pou soti oswa pou ogmante lwaye a avèk yon avi alekri apwopriye 30-jou.

2

ANVAN OU SIYEN YON KONTRA LWAYE

Toujou gade apatman ak bilding lan anvan ou siyen yon kontra lwaye. Asire se pa yon anons fwod epi gade pou wè si inite ak bilding lan nan bon kondisyon avèk dispozitif sekirite apwopriye, enstalasyon, ak aparèy elektwo-menaje apwopriye.

3

SELEKSYON LOKATÈ YO

Asire ke tout plent oswa demann ou fè mèt kay la yo alekri. Si oumenm oswa mèt kay ou an gen yon diskisyon ke ou pa kapab rezoud, ou ta dwe konsidere medyasyon. Medyasyon se yon pwosesis enfòmèl kote wap eseye jwenn yon rezolisyon avèk èd yon medyatè san patipri.

Si ou bezwen medyasyon, tanpri kontakte *Biwo Estabilite Lojman* nan 617.635.4200 oswa housingstability@boston.gov. Ou gen yon opsyon tou pou depoze yon plent konsomatè avèk *Biwo Avoka Jeneral la*.

4

ANTRE PWOPRIYETÈ

Pwopriyetè kay la ka antre nan apatman w lan pou enspekte, fè reparasyon, ak montre potansyèl lokatè inite a. Sof si gen yon ijans, mèt kay la ak ajans li yo pa janm antre nan apatman w san avi preyalab ak pèmisyon w. Pwopriyetè kay la ta dwe bay yon avi omwen yon jou alavans pou aranje yon tan konvenyan pou gen aksè nan apatman an.

DIS BAGAY PRENSIPAL LOKATÈ YO TA DWE KONNEN**5****CHOFAJ AK SÈVIS PIBLIK**

Yon lokatè ka sèlman gen obligasyon pou peye pou sèvis piblik si gen kontè separe pou chak sèvis yo chaje. Mèt kay ou an dwe peye pou chofaj ak dlo cho sof si ou te siyen yon kontra alekri ki di ou dwe peye.

6**DEPO SEKIRITE**

Si lwaye w ogmante, ou dwe konpanse pou diferans lan nan depo sekirite ak dènye mwa lwaye a. Mèt kay ou an ta dwe retounen depo sekirite w, ak dènye mwa lwaye a. Mèt kay ou an ta dwe retounen depo sekirite w, plis enterè, nan lespas 30 jou apre ou fin soti, e li dwe bay yon resi detaye si yo vle dedwi lajan. Yo pa ta dwe dewi pou rezon izaj rezonab.

7**FRÈ LEGAL AK ILEGAL**

Yo ka legalman chaje w pou premye ak dènye mwa lwaye a, depo sekirite, frè kadna, ak yon pati nan frè enspeksyon an. **LI ILEGAL** pou mèt kay la chaje w pou yon frè pou kenbe, frè pou bèt domestik, oswa frè koutye/rechèch. Se sèlman ajan yon frè koutye/rechèch. Si yo chaje w yon frè ilegal, tanpri rapòte l nan *Biwo Avoka Jeneral*.

8**PEMAN LWAYE**

Li pi bon pou PA peye lwaye w nan lajan kach, men si ou gen yon resi. Pa gen “peryòd gras” pou peman lwaye. Ou gen obligasyon pou peye lwaye a nan dat ki spesifye pa tèm lokasyon an. Yo ka chaje w yon frè reta, men sèlman si gen yon kontra alekri anvigè ki otorize l. Menm nan ka sa yo pa ka chaje w frè sa sof si lwaye a gen omwen 30 jou reta. Si ou oblije peye lwaye a anreta pou rezon pèsònèl, pa kache l. Apwoche mèt kay la epi negosye avèk li. Si ou anreta nan lwaye a, ou kapab kalifye pou *asstans lwaye* nan Vil Boston.

9**ANVAN OU SOTI**

Kite apatman an pwòp epi fè foto sou kondisyon inite a. Retounen tout kle yo. Voye lèt ou pa lapos. Enfòmè konpayi sèvis piblik yo. Pwograme pou yo vin chèche atik yo, si sa nesèsè.

10**ASIRANS LOKATÈ**

Achte asirans lokatè. Se yon ti pri tou pitit pou peye si gen yon gwo pwoblèm.

Si ou bezwen plis asistans, vizite boston.gov/housingstability oswa rele oswa imèl nou nan : (617) 635-4200 or housingstability@boston.gov